Sungeen Déglu Woon

Su ngeen déglu woon tay danaa leen digal

Te man kat taxul may saxoo aw ndigal.

Damay digle ngir waa ju xam lii ma wax

Te am pas-pas ak jiitu dollee jubal .

Te kuy digle aw yiw ku dégluy waxam

Su yoonam ba teewee ñu séddoo ko jël.

Te Bàmbaa xëyoon bis di waar ab kureel

Ba wax lii ma jóg way ko man miy Géwal.

Na yëg képp kuy topp Yàlla ak a jëf

Ne Bàmbaa ngi yeesal la Yónnen ba naal.

La Yónnen ba ruujon taxaw xëy ko bay

La Bàmbay bayaat ak nitam nan jubal.

La Yónnen ba santaane woon ciw nitam

La Bàmbay digal kuy fasoo aw ndigal.

La Yónnen araamal la Yónnen siboon

La Bàmbay araamal di jëf lam waral.

Baleen topp dunyaa ba tax ngeen fasoo

Di sàggan di sàggan ba juuyook ndigal.

Buleen faale dunyaa ba wujjam wa ñëw

Te fékkul nu fàgguk cenam dun ko jël.

Nanuy fuglu dee ngir danuy dox di wër

Di betteek a yoot ak di dox fun yëgul.

Bunuy fàtte dee ngir danuy dox di wër

Di dog nit di wor nit xamul kuñ teral.

Di sàggan ba dee ñëw te fekkul nga jëf

Te sellalal ko ay nax la tey nax saxul.

Te loo farlu farlook a def waa ju gën

Du tee bis bu nee kërr doy law lëjal.

Te loo yóbbaloo lut sa jëf boo demee

Malaakay bugal jox la karneb mbugal.

Su boobaa nit ak jinne day def tirim

Malaakay wax ak yaw ñu dog lab kureel.

Ñu naa doomi diw jaa ngi ak diw nga jóg

Torox bay saf ub xaj lu jar lii amul.

Te loo jëf ñu feeñal lu baax ak lu bon

Te boo nee damaa réere mbir bolde dal.

Su boobaa da ngay jóg di réccook a rus

Jariñtil fa tus lut ñu dollee sonal.

Waxoon naa ko moo gën xamoon naa ko tay

Kerog ab layoo soo yayee gëm ndigal.

Deeleen sàmm seen cér yi ngir dees na leen

Taxawloo ci bis kat di seedey saxal.

Te yaw boo gëmut lii ma wax mbaa xamoo

Yërël "Suuratun nuuri" kon ngay jubal.

«Xaalal laahu tahaalaa:

Yawma tashadu halayhimuu alsinatuhum wa aydiihim wa arjuluhum bimaa kaanuu yahmaluun»

Baleen dox di xeebaate nit ñépp a yam

Awa ak Aadama a tax nu fab nuy teral.

Baleen xeebu askan ci am luñ amul

Awa ak Aadama a tax nu fab nuy bégal.

Ba laa kenn a xam kum gën ak kum gënul

Nu xëy bis ba booloo fa "Yawmal-Fasal".

Baleen rëy cosaanal nit ak ag mujjam

Subeek médd kon soo rëyee it warul.

Baleen jëw baleen fen baleen dox di wax

Lu tax bokk yiy noone mbaa ñuy ragal.

Baleen noonuhanteek di fen fib sëriñ

Di gor gor su góor ak di xiixat jubul.

Baleen xëy di xas nit di yàq ub deram

Di tam nit ba tax dóotu dem fib kureel.

Baleen wuññi hawray jullit fum newul

Di dog worma tey fen di wor cib dëhal.

Baleen jëw baleen fen baleen wax lu bon

Bu "Yawmal-Xiyaamee" sa cér lay waxal.

Di jay nit di fab nit di gottiy kemam

Di suufeel i maasam di wax loo xamul.

Di far tooñkat ak faf di dooleel waxam

Di xay waay ca dëggam ga ngir lam amul.

Di roy-roylu Ceddook a foytuy waxam

Di jublaŋ di sàccaale tey for di jël.

Baleen topp bakkan ba far dox di moy

Bu kenn takk aw fas te ag teg amul.

Baleen takki suuf ak labat waayi nit

Baleen gëf baleen jël ku it dàmmatul.

Baleen tas ngorag nit ba xëy far ko jël

Te fekkoon ñu jengante woon bay lewal.

Baleen weeru koor ñëw nu def kow rajab

Di añ fàwwu bëccëg te dun aw ndigal.

Baleen roy tubaab ak tëjantey kaso

Baleen dunde àq ak di jël lol lewul.

Baleen rëj baleen jeex baleen ñëw fi nit

Di rocciy xibaaram di yut ñam dëkkal.

Wolof Ak Xamle

Baleen béeyu ay ànd moo gën tasoo

Baleen luy waral jot boroom ug mbugal.

Bu kenn leb te doo fay bu kenn sàcc lëf

Ku dee xam ne kër googa yombul alal.

Baleen xëy di jallawle njortal ci jëf

Ndigal ak ndugal teet ko biig la ak bugal.

Rafet njort lañ wax te aw ciy ndigal

Bu kenn xér ba weesu la Yónnen dëyal.

Sëriñ Bàmba nee njort Amna ay "fasal"

Bu kenn topp njortam ba far lëndëmal.

Rafet njort moo gën de laa "taqnatuu"

Ka dul sànk jëf tey faral tey fulal.

Sëriñ moo di geg bob ba laa kenn a dem

Ca meññat ma mbaa car ya moo lay digal.

Sëriñ boo ko dee wut janool ak mbiram

Te bul seet gëlub dóom ba kon doo ko tahal.

Sëriñ boo fu dégg ak sëriñ boo fu gis

Sëriñ Bàmba mooy seen sëriñ moo kummal.

Te moo xam soxlay nit te àttan mbiram

Te xam baatinub nit te xam mbóoti xol.

Te xam luy defar nit ba dootul tilim

Te kum jox ndigal sax du def luy sonal.

Te xam Yàlla xam gën ji Yónnen bu wér

Te far jiitu koo xam ne daf laa jubal.

Te wii waxtu moo yor la defaa mébat

Di xutbul di Xawsul ku am moo la fal.

Amul kem amul kem ca baawan ba tay

Ku raas ab kemam soo dajee it amul.

Sëriñ seey këriñ mooy fëriñ moo tax it

Sëriñ bum yamal nit ci dunyaa amul.

Sëriñ *seeti garseetu* Bàmbaay masin

Sëriñ bum yamal mbir ci dunyaa amul.

Sëriñ seey gobar mooy fetal tey kënu

Sëriñ bum yamal mbir ci dunyaa amul.

Sëriñ seey përëm mooy ngalam moo tax it

Sëriñ bum yamal mbir ci dunyaa amul.

Sëriñ see di biddiw yuy jeneer seen i ñoñ

Sëriñ Bàmba mooy jant leer gaa matal.

Sëriñ see di ay dab yu def nbokh yu neex

Sëriñ Bàmba mooy géej bu deeful nëxal.

Qiyaasal laa wa Ndar di am ciy tilim

Di sërxal ca géejam g ba nii tay nëxul.

Ku cay day ca lay duy te day def xelaw

Ku Xam lii ma wax xam ne lii dal na xel.

Danoo bon te sàggan te sun moy yi rëy

Te yaw lan def ub gak wutal nuy dëgal.

Sunuy mbir sunuy jëf sunuy nos sunuy

Juróom-yaari cér yépp Bàmbaa fobal.

Te yal naŋ nu fóotal tilim gin tilim

Te sellalal sunuy jëf ba dootun nëxal.

Te def nub muriit bob danuy sax ci yaw

Di daw loo nu dawloo te aw say ndigal.

Aji-bind ji: Mustafaa Géy

Aji-topp ji: Seex Lóo



Ngir bokk ci mbootaayug WAX (Wolof Ak Xamle) jokkool ci limat yii 76 317 83 17 / 78 426 61 25.